



# Edisyon Espesyal Vaksen COVID-19 Bilte Nouvèl

## Sezon Fredi 2022

Bilten sa a disponib nan Amhar, Arab, Franse, Kreyòl Ayisyen, Endonezyen, Kmè, Koreyen, Pòtigè, Ris, Chinwa Senplifye, Panyòl, Vyetnam nan <https://bit.ly/CRPNnewsletter>.

Pou mande kopi enprime nan nenpòt lang, tanpri imèl [COVIDvax@phila.gov](mailto:COVIDvax@phila.gov)

### Jwenn yon Klinik Vaksen kont COVID-19

Tcheke **klinik vaksen vil yo** nan: [www.phila.gov/vaccine](http://www.phila.gov/vaccine) ak <https://bit.ly/PDPHVaxAppt> oswa rele 3-1-1 epi peze #5 pou yon entèprèt.

**Tcheke vaksen nan yonfamasi oswa sant sante prive:** <http://www.vaccines.gov/>

Enskri pou **Pwogram Vaksinasyon Nan-Lakay la**, entèprestasyon lang ki disponib: <https://bit.ly/homeboundvaccinephl>

Pote vaksen an nan kominote w la epi **òganize pwòp klinik ou** nan yon lokalizasyon ke ou abitye avèl.



Ki moun ki ka pran yon vaksen COVID?

**Laj 18+:** Pfizer, Moderna or J&J vaccine

**Laj 5 - 17:** Pfizer vaccine.

- \* Timoun ki gen 11 an oswa plis pa bezwen konsantman paran yo pou yo pran vaksen COVID-19 nan anpil klinik.
- \* Timoun ki poko gen 10 an dwe vini ak yon paran oswa yon gadyen.
- \* Klinik vaksen vil yo pa kolekte prèv laj oswa gadyen.

**Laj 0 - 5: Yo ka apwouve vaksen pita nan ane sa a. Doktè pitit ou a se pi bon fason pou jwenn dènye enfòmasyon yo.**

Ki moun ki ka jwenn yon dòz ranfòsman?

### **Depi Fevriye 2022**

Nenpòt moun ki gen plis pase 12 an ki te resewa 2yèm dòz Pfizer omwen 5 mwa de sa.

Nenpòt moun ki gen plis pase 18 an ki te resewa 2yèm dòz Moderna sa gen omwen 5 mwa.

\* Tout vaksen COVID-19 yo se **gratis** \*

**Asirans pa obligatwa** nan NENPÒT lokalizasyon vaksen, menm si yo mande w pou li.

**ID pa obligatwa**, men ou ka mande pou li.

## Kat Vaksen an Pèdi?

CDC pa ofri ranplasman kat. Ou ka mande yon **kopi dosye vaksen** ou ki ka itilize kòm yon kat vaksen.

Rele (215) 685-5488 epi peze #5 pou di lang ou oswa vizite <https://bit.ly/LostVaxCardPHL>

## Tès COVID-19

Fè tès pou COVID-19 imedyatman si w santi w malad.

Fè tès 5-7 jou apre ou te pwoche ak yon moun ki gen COVID-19, menm si ou santi w byen.



Jwenn yon tès COVID-19 GRATIS pandan pwovizyon yo fini, at [www.phila.gov/testing](http://www.phila.gov/testing) and <https://bit.ly/COVIDtestingevents> oswa rele (215) 685-5488 epi peze #5 pou entèpretasyon,

Tcheke famasi lokal ou a oswa sou Entènèt pou achte yon twous tès rapid ou ka fè lakay ou.

Vizite [www.covidtests.gov](http://www.covidtests.gov) pou **kòmande 4 tès rapid COVID-19 GRATIS** pou chak kay.

## Kesyon Moun Poze Souvan

### Ki jan vaksen yo travay nan kò mwen?

Vaksen yo montre sistèm iminitè nou yo kreye antikò (selil defans) ki rete nan kò nou epi ki ka konbat viris COVID-19 la si nou ekspozè a li.

Okenn nan vaksen yo pa genyen viris COVID-19 e pa ka ba w COVID-19.

### Ki efè segondè vaksen yo genyen? Èske efè segondè pou ranfòsman yo se menm?

Tout vaksen ka ba ou efè segondè. Efè segondè pou vaksen COVID-19 ak dòz ranfòsman ka gen ladan: Lafyè, bra fè mal, maltèt, doulè nan misk, oswa fatig.

Efè segondè yo rive 1-2 jou apre vaksen w la epi yo ka dire kèk jou.

Efè segondè se siy kò ou ap devlope pwoteksyon. Gen kèk moun ki pa gen okenn efè segondè, men kò yo toujou ap devlope pwoteksyon kont COVID-19.

### Nan ki sa vaksen yo fèt? Èske yo gen engredyan ki danjere?

Vaksen yo pa gen okenn engredyan ki danjere.

Engredyan yo diferan pou chak konpayi ki fè vaksen an. Gade yon lis konplè nan: <https://bit.ly/COVIDvaxFAQ-CDC>



### Mwen te deja malad ak COVID-19, èske mwen toujou bezwen pran yon vaksen?

Wi, ou ta dwe pran yon vaksen.

Ekspè yo poko konnen konbyen tan w ap pwoteje nan viris apre w fin geri lè w malad ak COVID-19.

You can get COVID-19 more than one time.

A vaccine protects you from getting severely sick, if you do happen to get the virus.

# Timoun yo ak Vaksen COVID-19 yo

## Kouman mwen ka asire w vaksen yo an sekirite pou pitit mwen an?

Yo te teste vaksen an sou plizyè milye timoun ki gen diferan laj, ras, etnisite, ak kèk kondisyon medikal. Pa te gen okenn pwoblèm sekirite grav.

- \* Vaksen COVID-19 pou timoun ki poko gen 5 an ka disponib pita nan ane sa a.

Timoun yo ka gen kèk efè segondè ki sanble ak sa granmoun yo genyen an e ki sanble ak efè segondè anpil timoun jwenn apre vaksinasyon woutin.

- \* Efè segondè yo se siy nòmal ke kò pitit ou a ap bati pwoteksyon.

Vaksen yo pa afekte fètilite oswa pibète.

## Poukisa mwen ta dwe bay pitit mwen yo vaksen?

Timoun yo ka vin malad anpil akòz COVID-19, genyen sentòm ki dire anpil tan oswa ka menm mouri akòz konplikasyon viris la.

Timoun yo ka pase COVID-19 bay lòt moun menm si yo pa santi yo malad.

Yon vaksen ede timoun rete nan lekòl la epi rankontre an sekirite nan lòt aktivite an gwoup yo.



**Pale ak doktè pitit ou a pou plis enfòmasyon.**

## Ki sa ki se yon dòz rapèl e poukisa mwen ta dwe pran youn?

Yon ranfòsman se yon lòt dòz vaksen ki ranfòse (amelyore) pwoteksyon ou.

Li espere pou kèk vaksen pèdi kèk fòs avèk yon tan.



## Kisa yon varyan ye? Ki sa ki delta ak Omicron?

Tout viris ka gen mitasyon (chanje) nan tan.

Pandan yon viris ap chanje, yon nouvo varyan (tip) ka kreye. Viris COVID-19 nou genyen kounye a se pa menm jan ak lè pandemi an te kòmanse a, e sa espere.

Gen anpil varyan (tip) viris COVID-19 la. Pifò nan yo inofansif, men lòt yo, tankou Delta ak Omicron, ka pwopaje pi fasil oswa lakòz moun vin malad anpil.

## Poukisa kèk moun ki pran vaksen yo pran COVID? Èske vaksen yo pa fonskyone?

Lè yon moun ki pran vaksen an konpletman enfekte ak viris COVID-19 la, sa a se yon enfeksyon dekouvèt. Sa rive paske pa gen vaksen oswa tretman ki 100% efikas, e viris la ap toujou chanje.

Sepandan, moun ki te pran vaksen an konplètman ki gen yon gwo enfeksyon gen pi ba chans pou yo vin malad grav ak COVID-19.

Moun ki gen enfeksyon vaksen yo ka pwopaje COVID-19 bay lòt moun.

## Èske mwen ka pran yon vaksen si mwen pa gen papyè? Èske mwen pral depòte si mwen anrejistre pou vaksen an?

Tout moun byenvini epi ankouraje pou pran yon vaksen. ICE p ap sou plas epi yo p ap mande w sou sitiyasyon imigrasyon ou.

Nenpòt enfòmasyon pèsònèl ou pataje pou enskri pou vaksen COVID-19 la gen dwa itilize sèlman pou sante piblik epi yo pa ta dwe pataje oswa itilize l pou depòtasyon.

Yo ka mande w pou w montre idantite nan klinik vaksen Vil la ap dirije yo, men yo pa mande idantite pou ou pran yon vaksen. Li itil pou w pote yon bagay ki montre non w ak adrès ou, si ou genyen li.

## Mwen tande vaksen COVID-19 yo pa an sekirite pou moun ki ansent, ki vle vin ansent oswa k ap bay tete, èske se vre?

Moun ki ansent gen plis chans pou yo vin malad grav ak COVID-19. Yon vaksen ka ede pwoteje kont maladi grav epi li rekòmande pou moun ki ansent, k ap bay tete, k ap eseye vin ansent kounye a oswa ki ka vin ansent pi devan.



Pa gen okenn prèv ki montre ke nenpòt vaksen, ki gen ladan vaksen COVID-19, lakòz pwoblèm fètilite nan fanm oswa gason.

### Poukisa enfòmasyon yo chanje anpil? Mwen pa konnen nan kiyès poum kwè.

COVID-19 se yon nouvo viris, yo dekouvri nan ane 2019. Enfòmasyon chanje pou de rezon:

- 1) Ekspè yo bezwen tan pou konplete rechèch yo anvan yo fè yon rekòmandasyon.
- 2) Viris la toujou chanje, kidonk enfòmasyon yo bezwen mete ajou.

Li espere ke enfòmasyon yo ap kontinye chanje.  
CDC se sous ki pi fyab pou enfòmasyon COVID-19 la.

## Mwen toujou gen kesyon, ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon nan lang mwen an?

Rele liy Dirèk Phila Coronavirus la 24/7 nan 1-800-722-7112 (Peze #9 pou entèpretasyon).

Enfòmasyon ki soti nan CDC nan plizyè lang nan <https://bit.ly/COVIDvaxFAQ-CDC>  
Enfòmasyon konsènan vwayaj: <https://bit.ly/COVIDtravelCDC> (Plizyè lang).

Sant sèvis nasyonalite yo bay enfòmasyon nan plizyè lang <http://bit.ly/COVIDvideos-NSC> ak Pwojè Lang ki andanje nan <http://bit.ly/COVIDinfo-ELP>.

## Ann rete konekte!

Jwenn dènye enfòmasyon yo nan [phila.gov/COVID](https://www.phila.gov/COVID),  
[facebook.com/phillyhealth](https://www.facebook.com/phillyhealth) ak [twitter.com/PHLPublicHealth](https://twitter.com/PHLPublicHealth)

Pou kopi ki enprime bilten sa a, kesyon, oswa pwoblèm ak tradiksyon an, voye yon imèl ba nou nan [COVIDVax@phila.gov](mailto:COVIDVax@phila.gov) oswa kite yon mesaj nan (215) 429-3016 pou Ekip Sensibilizasyon Preparasyon Sante Piblik la. **Nou ta renmen tande ou!**

Enskri pou **Rezo Patnè pou Entèvasyon Kominotè** nan <http://bit.ly/phlcommunityresponse> pou jwenn enfòmasyon esansyèl sante piblik pou yo pase bay fanmi, zanmi, ak vwazen. **Fè atansyon!**

